Ab yeesal ci waccin COVID-19 Johnson & Johnson/Janssen

Waccin COVID-19 Johnson & Johnson/Janssen jàapandina ci béppu doomu New York bu seeni àt tollu ci 18 àt ak luko ëppu gannaaw ab daxaw bu ndaw ngir jangat mbirum wergi yaram bu aju mbirum ñakk yi. Jëwriñ biñu dék wallu Wergi yaram ak Cétuk Xel bu New York (Serwiisu Wergi yaram bu NYC) mingi wéy di àm koolute ci baaxaay walla wooraayu waccin Johnson & Johnson ak yéneeni waccin yiñu nàngu ngir xeex wallum COVID-19. Ñakk gi dafa wara nekk jumtukaay bi gënë àm solo boo mana jël ngir nga mana aar sa bopur, aar say mbokku, ak aar mbooloo minga bokk ngir xeex COVID-19.

Lutax mu àm ab taxawandi ci jëfëndikoo waccin Johnson & Johnson?
Ci bésu 13 afril 2021, Saantar yiy Saytu wallu Feebar ak wallum Fàggandiku (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Kureel gi yore wammum lékk ak wallu Garabi kër doktoor (Food and Drug Administration, FDA) ñoom ñoo digle ñu taxawalandi jëfëndikoo waccin Johnson & Johnson gannaaw ba ay nit feeñalee ni amna ay lumbu dereet yu jeggi dayo ci juroom benni nit gannaaw bañu jëlee waccin bi. Kaa yi dañleena feeñal ak sisteem buy saytu wooraayu waccin yu CDC ak FDA. Jëfëndiko waccin yi dakkal nañko ngir amal ci yeneeni taxaw seetlu ba pare.

Làn la lànket wane?
Ci bésu 21 afril 2021, amoon na 15 kaa yu jeggi dayo bu lumbu dereet ak ay palaaketu dereet ci 8 millioŋi nit yi jël waccin Johnson & Johnson bañuko nangoo ba léegi. Kondisioŋ yi ñingi tuddu (lumbu dereet) ak torompeeni (palaaketu dereet bu tuuti lool) mandarga (thrombosis with thrombocytopenia syndrome, TTS). Kaawu TTS feeñal nañleen ci jigeen ñi seeni àt tollu ci digënte 18 ak 59, te mandarga yi ñingi tàmbali ci digënte juroombenn ba fukki fàn ak 15 gannaaw ñakku bi. Dafa nekk benn too bu tollu ci lu jege juroom ñaari kaawu TTS ci ay millioŋi jigéen ñu seen àt tollu ci 18 ba 49 yuñu ñakk ak lu yées benn millioŋi jigéen yu seen àt tollu ci 50 ak luko ëppu yuñu ñakk. Amna tamit benn kaawu TTS ci kenn ku goor ci saytu kilinik bu ñakk bi.

Lanla CDC ak FDA di digle ci jëfëndiko waccin bi?
CDC ak FDA di digle ci jëfëndiko waccin Johnson & Johnson te wéy nañ diko jox ay nit yu seeni àt tollu ci 18 ak luko ëppu. Dogal boobu mingi aju ci benn digle bu bayyikoo ci Kureel bi Saytu wallum kirlaayu waccin bi, muy ab mbooloo mu moom seen boppu te seen xàmxam macci ci wallu wergi yarami reewmi ak bu kër doktoor, muy saytu xibaar yi jàppandi, te di saytu risk yi wara àm ci wallum wergi yaram te mu aju tamit ci mbaaxmbaaxi jëfëndikoo waccin bi. Nit ñi jot waccin bi, lu melni jigéen ñi seeni àt tollu ci 50, dañoo waroona bayyi xel ci risk yu jeggi dayo te rëy lool yu TTS, te ci nimu amee yeneeni opsion ci waccin bi ngir xeex COVID-19 te risk yooyu gisuñuko ci yooyile waccin.

Lutax New York di wéy di jëfëndikoo waccin bi gannaaw jafejafe bi aju ci wallu karaangeem?
Risku TTS nekkna lu tuuti, te waccin bi baaxna lool ngir fagandiku ci ci feebar yu jeggi dayo la, tëdd lci bërëbi fajikaay yi, ak faatu yi yinga xamni jangoroy COVID-19 mooko waral. Leegi nak

kom xamnañ risk bi, man nañ jox nit ñiy jot waccin Johnson & Johnson bi xibaar yiñu soxla ngir ñu rañee mandargay TTS yi mana àm, buko defee ñu paj gu gaaw. Ñiy ligéey ci wallu wergi yaram bayyinañ xel ci risk bi, limuy tekki mooy ni man nañ saytu ak di fajj aji feebar yi amewoon TTS gannaaw bañu jëlee waccin vaccin Johnson & Johnson bi. Amul benn garabu doktoor, walla benn faj walla waccin bu woor ci 100%.

Suma tanee ni damay jël waccin Johnson & Johnson, ndax damaa wara jël yeneeni matuwaay ?

Doonte risku TTS bu andak waccin Johnson & Johnson dafa tuuti lool, danga wara bayyi xel ci say mandarga yinga wara àm ci diiru ñeti ayu bés gannaaw banga ñakkoo ba pare, luci mel ni :

- Noyyi gu diis
- Dënn buy meti
- Tànk bu newwi
- Biir buy meti bu yàgg
- Bopu buy meti bu tar walla buy wéy di meti
- Bët yu lëndëm
- Yayam wuy tërgën
- Ay taas yu xonq yu ndaw ci yaram wi ci gannaw bërëb biñula pikiire

So amee lii ci mandarga ci ay ñatti ayu bes gannaw biñula ñakkee ba pare, jokkol ci lu gaaw ak ab doktoor — demal ci ab lopitaal walla nga woote ci numero bi di **911**. Waxal doktoor bii ni waccin Johnson & Johnson nga jël.

Waaye nak, efee segondeer yiñuy gënë gis gannaaw ñakk gi mooy metiit bi ak newinewi loxo biñula pikiir, coono bi, metiit yu yàm, yaram yuy lox, bopu buy meti bu yàm walla yaram wu tàngg bu yàm. Efee segoondeer yi seentunañko te dina faral di tàmbali ci ñetti fàn gannaaw ñakku bi (mingi ëppu lumuy àm ci bes bi toppu ci besu ñakku bi) te dafy dem ba ñaar walla ñetti fàn gannaaw ñakku bi.

Yeneen ñakk yiy xeex COVID-19 ndax amnañ ay risku TTS?

TTS taqoowul ak waccin yii di Pfizer-BioNTech ak Moderna ngir xeex COVID-19 gannaaw lu ëppu 200 milioŋi doosu waccin yiñu doon joxe ca réewum Amerik. Ñoongi xirtal bubaax nit ñi bëgul jël waccin vaccin Johnson & Johnson ñu jeemal jël benn ci waccin yi.

Ay teemeeri bërëbi ñakku kaay jàppandinañ ci NYC ak liko wër. Demal ci **vaccinefinder.nyc.gov** ngir nga gis bërëb buñuy ñakke (waccin yiñuy jox sit bu nekk dañko wañu) walla nga woote ci 877-829-4692 ngir àm ndimbël ci jamonoy dig daje ci ab bërëb bo xamni Meeri bi mookoy saytu. Bërëbu ñakku yu bëri nangu nañ tamit ñufay dém ci ludul dig daje. Xolal fi ngir nga gis listu bërëbu ñakku yiñuy dém ci ludul dig daje.

Nan lañu mana xamee ni amul yeneeni jafejafe yu aju ci wallu wooraayu waccin yi?

Waccin yiy xeex COVID-19 dañuy wéy dileen di saytu bubaax ci seen wallu wooraay ànd ceek CDC, ak FDA ak yeneeni mbooloo. Raññeek lim bu ndaw ci ay kaawu TTS ci ay milioŋi doosi ñakk yiñu doon joxe ca réewum Amerik ak taxawandi ci waccin la Johnson & Johnson wanena ni sisteemu kaarange gi mingi dox, te kaarange gi ak leeraay bi mingi tek nañko fu kawe. Ñingi warlu di warlu di joxe xibaar bi ci waccin yi, luci melni jafejafe yu aju wallu wooraay bi.

Fàn laa mana ame yeneeni leeral?
Bungeen amee ay laac, jokkoolak sa doktoor walla nga woote ci **311**. Boo bëggee ay leeral ak ay baaxbaax ci waccin bi ngir xeex COVID-19, demal ci **nyc.gov/covidvaccine**. Fiisu leeral te FDA saytuko ci waccin Johnson & Johnson man nañkoo xool ci fi. Ak yeneeni leeral tamit jappandina ci siit Webu CCL bo demee fi.

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. 4.29.21